

# ZVINO MESO AVO AKAZARUKA

## NDOKUBVA VAMUZIVA



MuEvhangeri yaMutsvene Ruka, uye kutanga nechitsauko 24 ne 30-...ndima 31, kana kuti ndichati ndima 30 yechitsauko 24.

*Zvino zvakaitika kuti, agere navo pakudya, zvino akatora chingwa, ndokuchiropafadza, akachimedura, ndokuvapa.*

*Zvino meso avo akasvinudzwa, uye vakamuziva; ndokunyangarika kubva pameso avo.*

*Zvino vakataurirana vachiti, Ko moyo yedu haina kutsva here mukati medu, paanga achitaura nesu, munzira, nepaanga achizarura magwaro kwatiri?*

<sup>2</sup> Uye dai Ishe vawedzera ropafadzo raVo. Musoro wangu wenyaya ungava, kana ndingaudaidza manheru ano: *Zvino Meso Avo Akazaruka Ndokubva VaMuziva.* Zvino kuri kupisa, asi ndinoshuva kuti dai maita moyo murefu nepamunokwanisa napo, kwechinguva chiduku chete, uye ndichaedza kukurumidza. Asi zvino tinoda kutarisa zvakadzama paShoko, Shoko raMwari rinoshamisa. Uye tiri kunamata kuti Mwari, neimwe nzira, vazarure meso edu manheru ano.

<sup>3</sup> Kana Esta ingori chete mhemberero yechiitiko chemunhorondo, uye izvozvo zvega, saka tine chikonzero chidiki chekupokana, tine chikonzero chidiki chekuva nemubvunzo, nekuti zvinosiiwa papfungwa yakadzama yekungotora shoko. Uye dai Kristu asina kuita vimbiso dzaAkaita, zvino nesuwo zvakare, tingadai tisina kana humbowo hwatinahwo.

<sup>4</sup> Asi Ishe vedu vakaropafadzwa vakati, paVakanga vachiri pano panyika, “Kwechinguva chiduku, uye nyika haichazoNdionazve.” Zvino iro shoko rekuti *nyika* ipapo, rinobva pane “hurongwa hwenyika, vanhu vepanyika.” “Nyika haichazoNdionazve. Asi imi muchaNdiona, nekuti Ndichava nemi, kunyange mamuri, kusvika kumagumo enyika.” Zvino, Mashoko iwayo ichokwadi sezvinongova mamwe maShoko atakataura mukati mevhiki rino, kubva muBhaibheri, anongova echokwadi semamwe maShoko ese ari muBhaibheri. “Kwechinguva chiduku, uye nyika haichazoNdionazve. Havambofa vakava nemaziso avo akazaruka.” Kune vanhu vakazvarwa munyika, kwete nekuda kwaMwari, asi nesarudzo yavo yehundini havaizoMutenda kunyange dai Anga akamira

pano chaipo achitaura nemi manheru ano. Zvinosuwisa kutaura, asi Bhaibheri rakataura kuti, “Vakazvarirwa munyika ino, kune kupomerwa uku,” Judhasi, uye inenge ndima 3.

<sup>5</sup> Zvino, asi kwamuri, manheru ano, vanouya vomira vakapoterredza mukamuri, uye vomanikidzana muchivakwa chidiki chinopisa sezvizvi, hamuuye kuzongoonekwa chete. Mauya nokuda kwechimwe chinangwa. Uye, sekuona kwangu, mauya nekuperera kwemoyo wenyu, kuti mufambe pedyo naMwari, kuenda muchibva pano, manheru ano, muri munhu ari nani kupfuura zvamanga muri pamapinda. Ndozvandanamatira ndichipinda pamusubo, manheru ano, “Ishe, ndiitei munhu ari nani pandinobuda, manheru ano, kupfuura zvandiri ndichipinda.” Zvino kana iYe. . .

<sup>6</sup> Asati Aenda, Akataura zvirevo zvemhando iyi. Akati, “Uyo anotenda maNdiri. . .” Mutsvene Johane, chitsauko 14, ndima 7. “Uyo anotenda maNdiri, mabasa aNdinoita naiye achaaaitawo; akawanda kupfuura aya achaaaita, nekuti Ndinoenda kuna Baba vaNgu. Ndinoenda, uye ndichadzoka zvakare.”

<sup>7</sup> Zvino tichaona mabasa aAkaita. Mabasa aAkaita? Haana kuzviita munhu mukuru, Aingova Munhu akaninipa. Haana kutaura nemashoko epamusoro, Aingotaura seMunhuwo wemazuva ese zvake. Aigara pakati pevarombo, “makava aiva nemapako, neshiri dzaiva nematendere, asi Akanga asina nzvimbo yekuti aise musoro waKe.” Akanga aine gemenzi 1, raAkaita zvekupihwa, “rakanga rakarukwa rose, risina musono mariri.”

<sup>8</sup> Ndosaka vakaribhejerana. Sei zvainge zvakadaro? Nekuti chiporofita cheTestamende Yekare chaifanira kuzadzikiswa, “Vakagovana nguwo dzaNgu, vakakandira mijenya hanzu yaNgu.” Saka vaisakwanisa kuritsemura nepakasonwa, vakatozoribhejerana, uye kwaiva kuzadzisa chiporofita cheTestamende Yekare.

<sup>9</sup> Asi tichacherechedza, munguva shoma-shoma, chii chaAkaita? Uye ndinotenda, manheru ano, inzara yemumwe nemumwe wemoyo yedu tese, kubva kumudikisa kusvika kumukurusa, manheru ano, kuona Jesu Kristu. Chishuwo chemoyo wangu. Uye sei zvakadaro? Kana tichitaura neMagwaro. . .

<sup>10</sup> Marezhiyo azviburitsa nhasi, materevhizheni aisa zvirongwa, mitambo yaitwa yekuti “Haapo pano, asi Amuka!”

<sup>11</sup> Manjeka, zvino, kana Akamuka, Bhaibheri rakati, muna VaHebheru 13:8, “Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.” Zvino, hepano pazviri, hama. Izvozvo chinogona kuva Chokwadi, kana kuti hachisi Chokwadi. Kutu, kana chisiri Chokwadi, zvino Bhaibheri nderenhema, uyezve Mashoko acho ndeenhema; uye zvadaro takarasika, uye hapana kumuka

kwevakafa, uye tiri kungotenda zvekabanga. Asi kana chiri Chokwadi, zvino Chinofanira kuZvisimbisa.

<sup>12</sup> Kana muchiti mvura iyi yakatota, ini ndisati ndamboona mvura kumashure, ukaidira pandiri, zvino isina kutotesa, saka mashoko ako—ako haasi echokwadi, asi ukaidira pandiri, zvino yototesa, ipapo mashoko ako ndeekchwadi.

<sup>13</sup> Kana Kristu ari mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi, saka Bhaibheri nderechokwadi. Kana Asiri mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi, zvino haRisi rechokwadi. Kana Mashoko aMwari asiri echokwadi, saka Kristu haasi wechokwadi. Zvino, kana Mashoko aMwari asiri echokwadi, Mwari havasi vechokwadi. Asi, zvino, kana Shoko raMwari riri rechokwadi, saka Bhaibheri nderechokwadi, Mwari ndevechokwadi, Kristu ndewechokwadi, uye tinofanira kuvimbika kuChinangwa chacho. Ndizvozvo!

<sup>14</sup> Zvino, paAkanga ari panyika, haAna kuzviti aiva murapi mukuru. Vangani vanoziwa kuti Mwanakomana waMwari haana kumbozviti mupodzi? Chaizvozvo. Akati, “Handina chinhu chandinogona kuita pachaNgu, kunze kweicho chaNdinoona Baba vachiita. Handisi iNi ndinoita mabasa,” Akati, “ndiBaba vanogara maNdiri. Ndivo vanoita mabasa.” Mabasa erudzii aAkaita?

<sup>15</sup> Tinowana muBhaibheri, apo mumwe muchinda ainzi Firipi akaponeswa. Zvino akaenda akandowana imwe shamwari, Natanieri, kure-kure, mamaira 30 wapoterera gomo. Akamudzosa kuna Jesu. Zvino akati amuwana, akanga ari pasi pemuti, achinyengerera. Uye akati, “Huya, uone Watawana: Jesu weNazareta, mwanakomana waJosefa.”

Akati, “Pangavawo here nechimwe chinhu chakanaka chingabva muNazareta?”

Akati, “Huya uone.”

<sup>16</sup> Ndiho humbowo hwakanakisisa hwandinoziva. Usatore shoko remumwe munhu pamusoro paZvo. Huya, uzvionere wega! Akati, “Huya uone.”

<sup>17</sup> Zvino paakauya, Jesu akanga akamira mumutsara, zvichida achinyengerera vanhu. Zvino Firipi paakauya, naNatanieri, Jesu akati, “Tarira muIsraeri, asina nduru maari!”

<sup>18</sup> Akati, “Makandiziva rinhi, Rabhi?” Zvakamushamisa. “Imi Munondizivirepiko?”

<sup>19</sup> Akati, “Firipi asati akudana, pawakanga uri pasi pemuti, Ndakakuona.” Mamaira 30 kure, nemugomo, zvakadaro, “Ndakakuona.”

<sup>20</sup> Zvakaratidza kuti Aiva Ani. Akanga ari Mwari vari kwese-kwese; kwete muporofita bedzi, asi Mwari pachaVo vachiratidzwa munyama. Ndicho chikonzero Aikwanisa kuhuradzika, Hupenyu hwaKe, pasi, nokuhumutsa zvakare.

21 Mumwe mudzimai mudiki akauya kuzochera mvura rimwe zuva. Zvino Akataura naye, ndokuti, “Iwe mudzimai, Ndipewo mvura yekunwa!”

22 Akati, “Hazvisi patsika dzedu kuti imi maJudha mutikumbire isu, maSamaria, zvakadaro. Hatidyidzane pakati pedu.”

23 Iye akati, “Asi dai waiziva Wauri kutaura naye, waizondikumbira iNi mvura yekunwa. Ndaikuunzira Mvura yekuti hauzombouya pano kuzochera.”

24 Iye ndokuti, “Tsime rakadzika, Changamire. Hamuna chekuchera nacho, uye Mvura iyi Mungaiwanepi.”

25 Akanga Achiitei? Akanga achibata mweya wemudzimai uyu. Zvino paAkaona kuti dambudziko rake raiva rei, dambudziko rake raive rekuti akanga achirarama muhupombwe. Aiva nevarume 5, uye achigara newake wechi 6.

Zvino Jesu akati kwaari, “Enda, unotora murume wako, muuye pano.”

Iye ndokuti, “Handina kana murume ini.”

26 Akati, “Kwete, wanga uine 5, zvakare uyo wauri kugara naye izvozvi haasi wako. Saka, wataura kwazvo.”

27 Tarisai zvino, muJudha. Jesu paakaita chishamiso ichocho kwaari, muJudha chaiye uyu akasimba, muJudha chaiye, wechokwadi, akati, “Ndimi Mwanakomana waMwari, Mambo waIsraeri.” Aiziva kuti zviratidzo izvozvo zvaifanira kufamba naMesiya.

28 Zvakare heuno pano muSamaria. Chishamiso ichocho pachakaitwa paari, mudzimai uyu akati, “Changamire, ndinoona kuti Muri Muporofita. Tinoziva kuti kana Mesiya auya, Achatiudza zvinhu izvi. Asi iMi ndimi Ani?”

Iye ndokuti, “Ndini iYe ari kutaura newe.”

29 Akasiya chirongo chake, ndokumhanyira muguta, ndokuti, “Huyai, muone Murume Andiudza zvinhu zvandakaita. Uyu haasi iye Mesiya wacho here?” Zvirokwazvo.

30 Kubudikidza nemuMagwaro taigona kuzvitora, kuti Akaita sei zvinhu zvaAkaratidzwa naBaba. Bhaibheri rakati, muna Mutsvene Johane, pavakaMubvunza pamusoro pekuti sei Asina kupodza vanhu vose ivavo vakanga vakaremara, uye Akati, “Zvirokwazvo, zvirokwazvo, Ndinoti kwamuri.” Mutsvene Johane 5:19, “Zvirokwazvo, zvirokwazvo, Ndinoti kwamuri, Mwanakomana hapana chaanogona kuita pachaKe; kunze kweizvo zvaAnoona Baba vachiita, ndizvo zvinoitwawo neMwanakomana.”

31 Zvino, kana Kristu akamuka kubva kuvakafa, uye ari pakati pedu nhasi, uye akavimbisa kuti zvinhu zvimwe chete zvaAkaita, izvozvo tichaitawo zvakare, ichocho iChokwadi, kana kuti

hachisi Chokwadi. Bhaibheri rakati, “Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.”

<sup>32</sup> Uye, shamwari, ndiri kungofara kuziva, nhasi, kuti ini zvirokwazvo, nezvose zviri mandiri, ndinotenda kuti Jesu Kristu ndiye Mwanakomana waMwari. Akabatwa mimba ndokuzvarwa, nekuberekwa nemhandara. Akatambudzika pasi paPontio Pirato; akaroverererwa, akafa, akavigwa, akamukazve nezuva retatu; uye akakwira Kudenga, uye agere kuruoko rwerudyi rweHushe hwaKe. Uye Mweya Mutsvene uri pano uchipfuurira nebasa rimwe chete raAkaita paAkanga ari pano panyika. Ipfungwa yakaisvonaka zvakadini!

<sup>33</sup> Mangwanani akaisvonaka zvakadini, mangwanani erumuko rwekutanga, Esta yekutanga yaive yati yambova panyika! Munocherechedza here kuti Esta iyi yatiri kupemberera, yekumuka kwaKe, iri kungonongedzera kuEsta huru iri kuuya, nguva yaAchauya kubva kuMatenga? Uye vose vakafa muna Kristu vachamuka voenda pamwe naYe. Tiri kungotaraisira kune iyoyo, Esta huru, iri kuuya. Uye, nhasi, zvakanaka zvakadii, inyaradzo yakadini, humbowo hwakadii hwatinahwo, apo Bhaibheri rinozvizivisa, apo huvepo hwaKe huri kwese-kwese hunozvizivisa, apo Simba raKe rekupodza rinozvizivisa, apo Mweya waKe mukuru unozvizivisa, apo zvinhu zvese zviri muzvisikwa zvinozvizivisa, Chechi yaKe inozvizivisa, moyo wangu unozvizivisa, moyo wese wemunhu akazvarwa patsva unozvizivisa, kuti, “Jesu Kristu ndiye Mwanakomana waMwari, uye achadzoka zvakare! Uye ndiYe mumwe chete zvino, ‘Zuro, nhasi, nekusingaperi!’” Zvino cherechedzai.

<sup>34</sup> Paiva pamangwanani aya akanaka eEsta. Pakanga paita guhwa rakawanda, nokutaura. Vamwe vakadzi vakanga vadzoka kubva kuguva, zvino vakati vakanga vaona chiratidzo cheNgirozi. Uye vakafunga kuti muchengeti webindu; Maria, amai vacho, nekuti vakanzwa inzwi richitaura shure kwavo, uye richiti, “Muri kutsvaka Aniko?” Uye paAkatendeuka . . .

<sup>35</sup> Mudzimai akacheuka, ndokuti, “Vatora Ishe wangu. Handizive pavaMuisa. Kana Muchiziva, ndiudzei paAri, uye ndichaenda kunoMutora.”

Akacheuka, ndokuti, “Maria.”

<sup>36</sup> Zvino akaMutarisa, iye ndokuti, “Rabhoni,” zvinoreva kuti, “Tenzi!”

<sup>37</sup> Akati, “UsaNdibata, nekuti haNdisati ndakwira kumusoro. Asi Ndichakwira kuna Baba vako, uye nekuna Baba vaNgu, kuna Mwari waNgu, uye nekuna Mwari wako. Asi enda, undoudza vadzidzi vaNgu kuti Ndichandosangana navo muGarirea.”

<sup>38</sup> Mabudiro azvakaita sengano isina maturo, yeMurume uyu wavakaona aiswa mishonga yezvitunha; uye akafa, akavigwa, zvino iri ranga rava zuva rechi 4, kana kuti zuva

rechi 3 kubva paAkanga afa. Petro akanga atoodzwa moyo, uye achida kutonaurura hake. Pane 2 vakati ivo, mumwe ane zita rainzi Kiropasi, vakati, “Tichangodzokera hedu kumba, kuJerusarema.” Zvino vari munzira yavo, vachifamba, mangwanani iwayo, Petro paakanga atora chirauro chake ndokusimudzira hake kunaurura, 2 ava vanga vari munzira yavo, vakasuwa. Zvino pavaifamba vachienda munzira, vachiti, “Haa, ndofunga hapasisina chekuraramira apa. Oo, matendero acho atakaita kuti Aiva Mesiya! Ko Murume iyeye, Akamutsa vakafa, aizomira sei uye orega muprisita mukuru uyu achiita dambe naYe? Ko Murume iyeye, Aigona kuona chiratidzo mushure mechiratidzo, aizomborega sei musoja wechiRoma achisunga chidhende kumeso kwaKe, oMurova mumusoro, obva ati, ‘Kana Uri muporofita, tiudze kuti ndiani Akurova?’ Ko Aizodaidzira sei kuti anzwirwe tsitsi, pamuchinjikwa, achiona iYe kuti aitokwanisa kumutsa vakafa?” Oo, yakanga iri nguva inoodza moyo!

<sup>39</sup> Uye nguva idzodzodz dzinoodza moyo dzinouya kumutendi wese, kuti dzikuyedze, nekukuisa pamuyedzo, uye nekuona kana uchitenda zvechokwadi. “Mwanakomana wese anouya kuna Mwari, anofanira kutanga ayedzwa, adzidziswa semwana.”

<sup>40</sup> Pachange paine vamwe venyu pano manheru ano, pasina kupokana, vachapfuura nemukuyedzwa kumwe chete ikoko. Kana tikadaidza mutsara wekunamatira, handizive kuti ndiani ane makadhi ekunamatirwa, hapana mumwe anoziva; ose akangovhenganiswa pamwe chete, ndokupihwa kwamuri. Ndichadana neche pane imwe nzvimbo, chero pari mupfungwa dzangu panguva iyoyo. Tinogona kungotora vashoma panguva imwe neimwe. Madhazeni mashoma, zvichida, vachapfuura nemutsara wekunamatirwa. Vese vanoda kuuya. Unogona kufunga kuti Akupfuura, asi haAsati. Ari kungokuyedza chete, achingoona kana uchazonyatsoMutenda. Chiratidzo hachipodze; chiratidzo chinongozivisa chete Hupo hwaKe.

<sup>41</sup> Ndanga ndigere pano, ndakatarisa zvino kuungano. Uye ndinoona sha—shamwari yangu, Mai Cox, vanobva zasi kuKentucky. Vanga vaine kenza yakakura kumeso kwavo, mavhiki mashoma apfuura, yakanga yatodya chaizvo kutenderedza ziso ravo. Vakanga vava kufa. Mai Wood, shamwari yangu yakanaka, vakandifonera parunhare, zvino vaichema, vakati, “Ndinotenda kuti ichadya ziso raamai, mumazuva mashoma.” Chiremba haana kuibata zvakanaka, neimwe mhando yezvinhu, ndokubva aiparadzira. Yakanga yava muchimiro chakaipa kwazvo. Ndakapindamo ndokuisa munamoto mudiki, uri nyore, une kutenda kwakabatirira, kwekuti zvaizoitika. Uye hevano vagere pano manheru ano, vakanyatsoita semunhu wese zvizere uye vari vatano; pasina kana chidzvanga chayo chakasara, yakapora yose, pachiso chavo. Vagere pano pamberi pedu. Vamwe vari pano, vane

chinhu chimwe chete. Sei? Nekuti Jesu Kristu akamuka kubva kuvakafa, uye Anorarama.

<sup>42</sup> Mumwe chete waikwanisa kubata munhu ane maperembudzi, uye akati, “Ndinoda, iva wakachena,” anogona kubata kenza oti, “Ndinoda, iva wakachena,” kana Ari mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.

<sup>43</sup> Zvino Kiropasi nevamwe pavakanga vachifamba zvavo, vakaora moyo, vakanga vari mune mamwe emangwanani aya anosuwisa, zvichiita sekunge zvinhu zvese zvaita manyama amire nerongo. Zvino kamwe-kamwe, mumwe Munhu akabudikira, kana kuti, akauya nekumashure kwavo, akafambako ndokubva abatana navo. Uye havana kana kumboziva kuti uyu akanga ari Ishe Jesu! Akanga ari mupenyu, uye vanhu vazhinji vaiMuda vakanga vasingazvize.

<sup>44</sup> Uye ndizvo zvimwe chete sezvazviri nhasi. Kune vanhu vazhinji nhasi vanoda Ishe, uye havacherechedze. Unogona kuvaudza nezvazo, uye zvakadaro havakwanise kucherechedza kuti Mupenyu nekusingaperi, manheru ano, kuti Ari pano muhechi ino manheru ano, kuti Ari pakati pedu, uye achange aripo kusvika Achizouya mumutumbi unobatika, wenyama. “Handisi kuzokusiyai kana kukuregai.”

<sup>45</sup> Zvino pavakanga vachifamba havo ndokutanga kutaura mumugwagwa, Jesu, ndinoda kuti mucherechedze chinhu chekutanga chakaitwa naJesu, akangonanga kuMagwaro chaiko, Akati, “Oo, imi mapenzi pamoyo, zvinokuomerai here kuti mutende zvakataurwa nevaporofofiti?” Nekuti, Akanga achangobva kuvabunza kuti, “Sei makasuwa kwazo?”

<sup>46</sup> Ivo ndokuti, “Ko Uri mutorwa here? HaUzive here uya Jesu weNazareta, Wataifunga kuti ndiye Mesiya, Mudzikinuri weIsraeri, haUzivi here kuti rino ratova zuva rechi 3 kubva paAkaiswa pamuchinjikwa? Uye Aiva Murume ane simba muShoko. Akanga ari Muporofofiti ane simba, nekuti zvishamiso zvakawanda nezvimwe, Mwari vakaita kubudikidza naYe. Zvino rino izuva rechi 3; uye zvino vakaMuuraya, nekuMuviga, uye Anga ari muguva. Zvino mamwe madzimai auya kwatiri vakatiudza kuti Amuka kubva kuvakafa. Zvino tabva taziva kuti ingano isina maturo, saka tiri munzira yedu yekudzokera.”

<sup>47</sup> Ipapo ndipo paAkatanga kuzarura Shoko. Oo, ndinoda Shoko raMwari reKusingaperi! Akatanga kuenda nemuMagwaro, achitunga naMosesi. Haana kumbosiya kana chinhu chisina kubhedhenurwa, Akangonanga kuShoko!

<sup>48</sup> Munhu wese akatumwa naMwari, handina basa kuti ndiani, anogara neShoko raMwari. Kana akasadaro, haasi muranda waMwari wechokwadi.

<sup>49</sup> Akanyatsoenda kuShoko chaiko. Uye Akaratidza, neShoko, kuti Kristu aifanira kufa, ogomuka zvakare, nekuzopinda

muKubwinya kwaKe. Zvino, oo, vanofanirwa kunge vakataura zvikuru!

<sup>50</sup> Ndingada kunge ndakava nemaawa mashoma iwayo ndichitaura naYe (hawaizodawo here?) munzira. Unoti, “Zvinoka, Hama Branham, chokwadi ndaizoda. Ndinoshuva dai ndaikwanisa.” Manjeka, tinogona kuva nawo izvozvi. NdiYe ari kutaura newe, mumoyo mako. Iwe hausu kungozvicherechedza chete.

<sup>51</sup> Zvino cherechedzai paAkanga ava kusvika muguta, kwava kudoka, Akaita sekunge Ari kuzongopfuura nepo achienda mberi.

<sup>52</sup> Anogona kuzviitawo kwauri, zvakare. Anogona kukuita kuti ufunge kuti Ari kuzongopfuura, asi haAsi kuzodaro. Iye haapfuurire. Anogoda kuti uMukoke.

<sup>53</sup> Zvino vakati kwaAri, “Oo, zuva radoka. Zvino chiregai kuenda mberi, asi ndapota pindai zvino mugare nesu.” Iwe ingoMupa mhando yekokero yakadaro, uone kuti chii chichaitika. Vakati, “Zuva radoka zvino, iMi huyai mugare nesu. Kwova manheru.” Zvino Akatsaukira ndokupinda, murestorandi diki, imba diki yevaeni.

MuEurope vachinayo. Unodya uye nekurara, uye zvese zvinobhadharwa zvose mubhiri rimwe, hotera yako.

<sup>54</sup> Zvino paAkapinda navo mukati! Hechino chikamu chakanaka. Zuva rose iroro, pavaitaura naYe, haAna kana chinhu 1 chaakataura. Kunyange zvakadaro, vakanga vafamba naYe nekutaura naYe, kumashure, asi havana kuzvicherechedza.

<sup>55</sup> Ndiani akakuchengetedza kuti usaita tsaona iya rimwe zuva? Ndiani akaita kuti mwana uya apore? Ndiani akakubhadharira girosari riya? Aiva iYe, asi haungozvicherechedzi chete. Ndiani akupa hutano hwekubuda uchiuya kucheche manheru ano? NdiYe, asi hauzvicherechedzi. Oo, dai tikangoita savo, tongoMudaidza kuti apinde!

<sup>56</sup> Zvino paAkapinda, kupinda mukati, ndokuvhara magonhi, ipapo Akabva aita chimwe chinhu chisina mumwe munhu aigona kuchiita nenzira iyoyo. Ndiye Oga aikwanisa kuzviita, nekuti vakanga vambova naYe asati Arovererwa pamuchinjikwa. Zvino Akatora chingwa ichocho, uye, maitiro acho chaiwo aAkaita, yainge iri nzira yaKe iYe yekuzviita. Zvino maziso avo akabva azaruka, uye vakaziva kuti aingokwanisa kuva iYe oga. Haana kugara navo kwenguva refu. Akabva anyangarika kubva pameso avo, chiriporipotyo. [Hama Branham vakaridza minwe yavo—Mupepeti]

<sup>57</sup> Zvino ndiye hutu munzira yavo, vachidzokera nekukasika kwese, vachimhanya chaizvo, vachingodanidzira kukunda, kunovaudza kuti, “Ishe vamuka zvirokwazvo!” Havana kudzokera kunoita nharo nezvechitendero chavo. Havana



kudzokera kunokakavara nezvacho. Asi vakangoziva kuti Akanga amuka kubva kuvakafa!

<sup>58</sup> Zvino, shamwari, kana Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari mupenyu, mushure memakore 1,900 adarika, kana Bhaibheri riri rechokwadi, iYe akati, “Ndiri mupenyu nekusingaperi,” Achingori mupenyu muno, muchivakwa chino manheru ano, sezvaAiva zuva rekumuka kwaKe, Anongova mumutumbi.

<sup>59</sup> Vamwe vavo vakanga vakaungana pamwe chete. Zvino Akapinda nemumadziro chaimo, akaoneka mukati imomo, ari nepakati pavo, akati, “Hepano, batai muNdzinze. Tarisai mavanga angu ari mumaoko aNgu. Ko mweya une nyama nemapfupa here sezvandinazvo?” Akati, “Ndipeiwo chimwe chinhu chekudya.” Zvino vakaMupa hove nechingwa. Zvino Akamirapo akazvidya, pamberi pavo, akati, “Mweya haudye sezvamuri kuNdiona ndichidya.”

<sup>60</sup> Iye anombova Chii? Ndiye Jehovha Mwari mukuru uya, mupenyu ari pakati pedu manheru ano. Ari pakati peavo vese vakaungana vari 2 kana 3: “Ndichava pakati pavo.”

<sup>61</sup> Uye zvino hezvino zvandinofunga. Kana Kristu akauya kuungano ino yevanhu, ipapo pamuri kudikitira, makamirira, uye oratidza, paEsta ino, kuti Mupenyu, uye akamira muchivakwa chino manheru ano, zvino une kodzero yekuMukumbira chero chinhu chaAkafira, uye iwe wotenda kuti uchachigamuchira. Munozvitenda here kuti iChokwadi? Zvirokwazvo, ndizvo.

<sup>62</sup> Zvino, ndaigona kutaura kwamuri kwenguva refu, asi Shoko 1 kubva kuna Kristu richareva zvakanyanya kupfuura mashoko ose andingagona ini kutaura; izwi rakaneta nekushoshoma, uye nekuneta sezvazviri muizwi.

<sup>63</sup> Uye zvakare chimwe chinhu, mukutaura, zvakaoma, nekuti kuno kumusha kwangu, kuva nemusangano unobudirira uine chizoro cheMweya saizvozvi. Sei? Nekuti kuno kumusha kwangu. Jesu akataura kuti, “Muporofita, mumusha make chaimo, munyika yake chaiyo, kunyange mudunhu rake chairo.” Chinongova chinhu chinoitika nenzira iyoyo.

<sup>64</sup> Vakati paAkaenda kumusha kwaKe iYe chaiko, vakati, “Uyu haasiye here mwanakomana wemuvezi wemapuranga? Ko mai vaKe, Maria, havasi pano here nesu? Ko vanin’ina vaKe vese havasi pano here, nehanzvadzi dzaKe? Ko hativazive here? Ko Akabva kuchikoro chipi? Ko Akagirajuweta kuseminari ipi? Ndeapi magwaro edzidzo aAkatakura?” Uye haAna kuuya nemuchikoro chero chipi zvacho kana chero seminari zvayo, kana nechero magwaro edzidzo, asi Akabva kuna Mwari. Asi havaigona kuzviona. Ivo vakati, “Huchenjeri uhu Anohuwanepi?”

<sup>65</sup> Zvino pavakaMuona achinzvera pfungwa dzevanhu idzodzoz, Petro paakasvika kwaAri, Akati, “Zita rako ndiSimoni, baba vako vanonzi Jonasi,” zvakamushamisa. Ko Akamuziva sei?

<sup>66</sup> VaFarisei vakamirapo, ndokuti, “Uyu ndiBherizebhabhu. Ndiye mukuru wevauki. Idhimoni!”

<sup>67</sup> Zvino Jesu akati, “Taurai izvozvo zvichipesana neNi, Mwanakomana wemunhu, muchazviregererwa. Asi kana Mweya Mutsvene wauya uye woita chinhu chimwe chetecho, zvino motaura shoko 1 rinopesana naWo, hamumbofa makazviregererwa, munyika ino kana nyika iri kuuya.” Saka, chinhu chine njodzi. Saka akaviziva sei? Sei Akataura izvozvo? Aiziva kuti zviratidzo izvozvo zvaizoguma kusvika zuva rino rekupedzisira.

<sup>68</sup> Uye mazuva ano ekupedzisira, haAizova akarurama, kudurura hasha dzaKe pamusoro pevanhu vakarurama. Vane . . . Takayera pachikero, ndokuwanikwa tisina kukwana. Zvose zvatnofunga nezvazvo inguva huru, zvirongwa zveparedhiyo, zvisina kupepetwa, Elvis Presley, Arthur Godfrey, nyambo dzekare dzine tsvina, vane mukurumbira veparedhiyo nepaterevhizheni. Tinogara kumba Chitatu manheru, tisingauye kushumiro yemunamoto, kuti tigoona matakanana akadaro, uye tozvidana pachedu kuti Makristu?

<sup>69</sup> Zvino kana Mwari vadurura Mweya waVo, uye voratidza zviratidzo zvekumuka kwaKe, tinoZviwanira mhosva totendeuka tichienda. Zvino ndicho chivi chisingaregererwe, kuti izvozvo. Jesu akati, “Taura shoko 1 chete uchipesana naWo, haufe wakaregererwa, munyika ino kana munyika inouya.” Saka Mweya iwoyo unofanira kuuya mumazuva ano ekupedzisira, kuzoratidza kuti Shoko raMwari nderechokwadi.

<sup>70</sup> Uye ndinoti, pasi pesimba reShoko raMwari, uye nemanzwiwo emweya wangu pachangu: Mweya Mutsvene mumwe chete iwoyo (Mweya) uri pano chaipo zvino pakati pevanhu ava. Zvino, ndataura kuti Akamuka kubva kuvakafa. Ndati iYe mupenyu, mupenyu nekusingaperi. Ndati ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi; mumwe chete pamaitiro, mumwe chete paSimba; mumwe chete pazvinhu zvose, zvose kunze kwemutumbi waKe wenyama ugere kuruoko rwerudyi rwaMwari neHushe, muKubwinya. Asi Mweya Mutsvene uri pano, uchishanda, uchifamba, uchiita, uchiita chaizvo sezvakaitwa naJesu Kristu, nekuti ndicho chiratidzo cherumuko rwaKe. Inguva yakanaka zvakadii! Zvino ndinofunga kuti munoono pandimire.

<sup>71</sup> Zvino, kwete chete nevanhu vashoma ava, vangangoita 100, kana vanhu 200 vari muno mu—muchivakwa chidiki chino, vakamanikidzana muno manheru ano, asi ndakataura chirevo ichocho pamberi pezviuru nezviuru, nemazana ezviuru, ndakabata Bhaibheri muruoko 1, uye neKorani mune rumwe,

ndichiti, “rimwe nderechokwadi, uye rimwe racho harisi,” uye ndikadenha muprisita wese wechiMohammed kuti auye kuzoratidza pachena, kana chero ani zvake, Buddha, kana chero zvaangava, ndichipikisa Korani, uye nekupikisa chitendero chavo, asi munhu wese akanyarara.

<sup>72</sup> Asi, hama, chikonzero chandinovziitira, ndechekuti ndinoziva kuti Mudzikinuri wangu anorarama! Uye iYe ndiye Chokwadi. Jesu Kristu mupenyu. Ari pano!

<sup>73</sup> Zvino hapana chinhu chiri mandiri chandinogona kuita, chipo chaMwari. “Unozviita sei?” Kungozvipira pachako.

<sup>74</sup> Imo muchivakwa chino zvino mune Ngirozi zhinji, kwazvo. Unoti, “Magwaro here iwayo?” Iro ro iBhaibheri chairo. Regai ndikuratidzei. Pane Makristu mangani vari pano? Simudzai ruoko rwenyu. Zvakanaka, munogona kuaisa henyu pasi. Bhaibheri rakati iro, “Ngirozi dzaMwari dzinokomberedza avo vanoMutya.” Saka, pane Ngirozi dziri pano!

<sup>75</sup> Zvino Kristu akati, “Pose panoungana 2 kana 3 muZita raNgu, Ndichavapo pakati pavo.” Zvino, Ari pano! Zvazvingori chete ndezvekuti, hamugone kuMuona, asi nekutenda tinozvitenda.

<sup>76</sup> Ndinogona kukuratidzai kuti redhiyo iri kupinda nemunowo, zvakare, mazwi. Ndinogona kukuratidzai kuti mifananidzo iri kuuya nepano. Hairove pachubhu *iyi*; hairove pane *ichi*, pakristari iri, pamaiki *iyi*; uyewo haiuye pachimedu chechinhu *ichi*, nekuti hachina kugadzirwa nenzira iyoyo. Asi pane chidimbu chechinhu chinoburitsa mufananidzo iwoyo.

<sup>77</sup> Zvino Mwari vakagadza vamwe muChechi, kutanga vaapostora, tevere vaporofita, vadzidzisi, vavhangeri, nefafudzi, vese kuitira kuti Chechi ikwaniswe. Tingaramba sei mumwe, toti mumwe wacho handizvo? Mwari vanozviita, ivo pachaVo. Hachizi chinhu munyika asi kungozvipira kuMweya Mutsvene. Uye Mweya Mutsvene unopfuurira mberi kubva ipapo, uye hauzive zvauroi kuita. Ibasa reMweya Mutsvene unoitira zvaunoda.

<sup>78</sup> Zvino, shamwari, guta rekumusha kwangu. Zvino ndinoda kutaura izvi zvino, ndisati ndavhara rumutsiro rwuno. Rimwe remazuva ano hakusi kuzova kana nedota richasara muJeffersonville, hakusi kuzova ne 1 rinosara muCharlestown, hapasi kuzova ne 1 richasara muLouisville. Nyika ino yagadzirira kutongwa. Vane bhomba rehydrogen zvino iro Russia inogona kukanda richibva kuMoscow, vorimharisa pana Fourth Street, uye roto mafekitari ezvombo ese akapoteredza pano, roinyudza pasi mafiti 75 pasi pevhu, nebhomba 1. Bhomba 1; nzvimbo yakakura mamaira 15, richaenda mafiti 150 kudzika pasi. Ruoko rwacho rwuri pachipfuriso. Wachi iri kufamba. Nguva yopera kupfuura zvaunofunga. Seiko kumirira kusvika panguva iyoyo?

<sup>79</sup> Rangarira, “Kana iyi tabhenakeri yepanyika pano ichinge yaparadzwa, tine imwe yakatotimirira.” Usatya mabhomba ehydrogen kana chimwe chinhu. Chero bedzi uina Kristu mumoyo mako, ndiyo nzvimbo yakanakisa yekuhwanda mabhomba yandinoziva nezvayo. Yakagadzirwa neminhenga; pasi pemapapiro aKe tichagarapo. Saka usanetseke pamusoro pezvinhu izvozvo, kana uri Mukristu.

<sup>80</sup> Asi kana usiri Mukristu, zvirokwazvo wakamira panzvimbo inotyisa. Hauzive kuti moyo wako uchamira kurova panguva ipi. Bhaibheri rakati varume vaizofa mumazuva ekupedzisira, nedambudziko remoyo, “Moyo yevarume ichikundikana, kutya, kuvhiringidzika kwenguva, kushushikana pakati pamarudzi.” Tarirai vakawanda, varume vanofa zvapaketwa ka 10, kudarika vakadzi; Bhaibheri harina kumbotaura kuti moyo yevakadzi ichakundika, Rakati, “Moyo yevarume ichange ichikundika.” Ndiwo mazvirokwazvo, akakwana.

<sup>81</sup> Rimwe zuva muOakland, ini nemudzimai takanga tiriko uko kuSan Francisco, kundengendeka kwenyika kukuru kuya kwakaitika. Zvino nyika yakatanga kudzvova nekuita munhikwi ipapo, kusvikira zvivakwa zvazunguzika, uye machimbini akadonha. Mabhora makuru emhepo akakwira kumusoro saizvozvo, aine hutsi maari, kana kuti chin’ai, chero zvazvaiva, kubva munzvimbo idzodzo. Zvino vanhu ndokumhanyira mumigwagwa, vachizhambatata. Ndakafunga, “Zvichazovei kana Ishe vachizoonekwa chaizvozvo?” Mabhawa edoro, akangovhurika, vachiisa doro ravo, vachiridzose pamasherufu, nekuritengesa. Vanhu vakatouya kuzoritenga. Munhu uyu haaigna kuritengesa dai panga pasina ari kuritenga. Ndizvozvo chaizvo.

<sup>82</sup> Ndizvo, ndisu vacho vane mhosva. Regai ndikuudzei, hama. Ndiri wemuAmerica, uye ndinoda nyika yangu. Asi nyika ino yakare yakayerwa pachikero, ndokuwanikwa isina kukwana. Iri kunyura, zvechokwadi sekungove kwandiri mushumiri seri kwepuratifomu ino manheru ano. Zvino ndiri kutaura kuti ndiwanirwe nyasha naMwari. Ndiri kuzvitaure nekuti Mwari vazviisa pamoyo pangu kuti ndizvitaure. Uye chinhu chakanakisisa chaungaita kugadzirira Kuuya kwaShe.

<sup>83</sup> Zvino Mutende, iva nokutenda maAri. Zvino, mashoko ese andaigona kutaura, ndiri kuti zvakare, haangarevi chinhu pane zvingataurwa naJesu. Asi munocherechedza here pandimire, neboka rino revanhu manheru ano? Zvinogona kuti ndadudzira chimwe chinhu zvisirizvo, kana kuti ndataura Chokwadi. Zvino kana Jesu Kristu akamuka kubva kuvakafa, uye, akavimbisa, zvinhu zvimwe chete zvaAkaita isu tichazviitawo, uye ndakataura, kubva ndiri kakomana kaduku . . .

<sup>84</sup> Ndainge ndisati ndasvitsa mwedzi 18, ndinofunga, asi ndisingapfuure makore 2, zvisinei, pandakaona chiratidzo

changu chekutanga. Zvanga, zvakadaro, hupenyu hwangu hwese. Vanhu vari muno mutabhenakeri, vanozviziva izvozvo. Chero bedzi ndanga ndiri pano, hapana kana imwe nguva zvayo yazvakambokundika. Uye hazvisi kuzombokundika, nekuti ndiMwari. Pasi rose rakaenda, rumutsiro rukuru rwakabaka. Uye zvino, nenyasha dzaMwari, ndava mumiriyoni yangu yemweya yechi 2, mumusangano wangu ndega, ndichihwinha kuna Ishe Jesu. Miriyoni yechi 2, ndizvozvo chaizvo. Uye ingofunga nezvemamwe mamiriyoni akabuda, Oral Roberts, tumazimbe twese itwotwo twakatungidzwa kubva pachinhu ichi, ndokuenderera mberi, zviuru zvakapetwa nezviuru, kusvikira pasi rose kune rumutsiro rukuru kwazvo rumwe chete rweSimba raMwari, richifamba. Zvino dhiyabhore ari kutupfunura marudzi ese ezvinhu zvenhema, kuti aRwupikise. Asi Shoko raMwari chairo, rechokwadi richaenda rakananga kumagumo. Harisi kuzokundika! “Ini Jehovha ndakaudyara. Ndichaudiridza masikati nehusiku, kuti parege kuva nemunhu angaudzura kubva muruoko rwaNgu.”

<sup>85</sup> Zvino, manheru ano, ndataura kuti Kristu akamuka kubva kuvakafa. Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi. Zvino, Ishe vakuropafadzei. Kana Vakaita izvozvo, zvino uri . . . Kana uchizvitenda, Mwari vakuropafadze. Mubvunzei, zvino, paAnouya panzvimbo. Kana Kristu achizoonekwa pano papuratifomu iyi! Hekuno kupikisa. Kana Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari, akaonekwa pano papuratifomu, uye oita zvinhu zvimwe chete zvaAkaita paAiva pano panyika, mungaMutenda here?

<sup>86</sup> Tarisai kwaAri, panzira inoenda kuEmausi, kuti vakomana ava, vakamedura sei . . . PaAkamedura chingwa chiya, Akaita chimwe chinhu ipapo chaisagona kuitwa nemumwe munhu. Chakanga chiri chinhu icho Kristu ega aigona kuita. Zvino vakazvicherechedza.

<sup>87</sup> Zvino kana Akaita chinhu chimwe chete pano, icho Kristu oga anogona kuita; kwete chimwe chinhu chenhema, asi chinhu chimwe chete chaicho chaAkaita; zvino wochiMutenda, woMugamuchira, wova nekutenda maAri, woMuda, woMushumira.

<sup>88</sup> Rega ndikuudze, rega kungojoinha chechi zvino. Izvozvo hazvishande. Unofanira kuberekwa patsva. Kwete zvemanyawi; kwete chimwe chinhu chidiki chawakataura, “Zvinoka, ndakadanidzira. Ndakataura nendimi. Ndakaita *izvi*,” handizvo. Kana zvechokwadi pakadzika mumoyo mako, chimwe Chinhu chinouya kuzokushandura, uye wova chisikwa chitsva muna Kristu Jesu; wakagamuchira Kristu Jesu, Pauzima; apo zvinhu zvekare zvinofa, uye zvinhu zvitsva zvinozvarwa patsva; unogadzirisa zvinhu, zvawakakanganisa; unoda vavengi vako, unonyengeterera avo vanokushandisa zvakaipa; ndipo apo pauri Mukristu. Muti unozivikanwa nemuchero waunobereka.

<sup>89</sup> Dai Ishe vakuropafadzai zvino, tichikotamisa misoro yedu. Ndichakumbira hanzvadzi kuti vaende kupiyano, vagoridza zvishoma nezvishoma, “Murapi mukuru zvino ava pedyo, Jesu anonzwira tsitsi.” Uye imi muri kunze, zvino, vane makadhi ekunamatirwa, swedera pedyo nemusuwo, tichatanga munguva pfupi chaiyo. Ngatinamatei.

<sup>90</sup> Baba vedu veKudenga Vakaropafadzwa. Oo, inzwi rangu risina kunaka, mwedzi 4 yekutaura, ndakatongoneta muizwi rangu. Asi ndinonamata kuti Mundibatsire iko zvino. Pano pachazova nechimwe chiitiko chikuru paBranham Tabhenakeri. Pano pachazova nechimwe chapupu chichasimuka mumazuva ekupedzisira, paZuva reKutongwa. Vazhinji vamire makuti nekunze, manheru ano, vazhinji vavo havasi kuziva, vazhinji vari kufunga kuti, “Ichokwadi here, kana kuti hachisi chokwadi?”

<sup>91</sup> O Baba veKusingaperi uye Vakaropafadzwa, tinonamata kuti Mucharatidza zvino rudo rweNyu kwatiri, nekuzviratidza pano nekuita kuti Shoko reNyu rive rechokwadi. Ndataura nezveShoko reNyu, sezvaMakaita, pacheNyu, kuna Kiropasi neshamwari yake, vachienda kuEmausi. Uye tiri munzira yedu, Ishe, patiri murwendo, iMi taurai nesu kubudikidza neShoko reNyu. Uyezve zvino huyai pakati pedu! O Kristu Mukuru, huyai pakati pedu, ratidzai maShoko eNyu kuti ichokwadi, uye ratidzai Kuvapo kweNyu pano manheru ano. Apo, isu zvisikwa zvinonzwisa hurombo zvisina kufanira tinoreurura kuti tiri vatadzi uye hatina kufanira zvinhu izvi, asi tinozvutenda, Ishe. Uye nenyasha tinozvigamuchira, kubudikidza nekutenda, kuti takaponeswa, uye tiri vana veNyu. Tiropafadzei zvino, Ishe.

<sup>92</sup> Ndinoziva kuti Shoko reNyu nderechokwadi, paMakataura nezve “muporofita ari muguta rake iye, pakati pevanhu vokwake.” Asi, Ishe, ndinonamata, kwehusiku huno chete, kuti Mungotarisa pasi kuvanhu, uye muZviratidze zvakare muno muguta, kubudikidza nekufamba kweMweya Mutsvene. O Mwari veKusingapere, tiropafadzei zvino apo takamirira kwaMuri. Uye itai zvinhu zvaMakaita musati Marovererwa, zvino Jeffersonville inozenge isina kana nechinhu chimwe chekunyunyuta. Asi, tinoziva kuti paZuva iroro vachange vasina pembedzo, kuti MakaZviratidza pachenyu. Muzita raJesu, ndinonamata. Amen.

<sup>93</sup> [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]...handizvo zvavari kuda kuti ndinamatire. Kwete, haisi kenza, nekuti vakatopodzwa kwairi. Asi vari kuda kuti ndinamatire dambudziko remusana ravanaro. Ndizvozvo. Idambudziko riri kumusana kwavo. Ndizvo here? Zvino munotenda here kuti Akamuka kubva kuvakafa? Zvino tarisai. Kana ndikataura navo kwekanguva kakati rebei zvishoma, zvichida chimwe chinhu chichataurwa. Handizive. Zvino, ndanga ndisingazive kuti dambudziko renyu nderei. Handitozivi zvino kuti ranga

riri rei. Maona? Asi marekodha anazvo, munogona kuwana zvaAtaura.

<sup>94</sup> Ngatitaurei kweimwe miniti, tione kana Akandiudza chimwe chinhu zvakare. Ndiri kuona mukadzi anotaridzika zvakada kuita... Ndemumwe mudzimai, uye vari kumunamatira. Uye ari mune imwe nzvimbo kana chipatara, yakada kuita se...inzvimbo yezvepfungwa. KuMadison, Indiana. Mu—muni—muni—munin'ina wamuri kudira munamoto, ari muchipatara chevanorwara nepfungwa. Zvino kana mukatenda nemoyo wenyu wese, uye nezvose zviri mamuri, Mwari vachamudzikinura, uye vachapodza musana wenyu nekukunatsai. Munozvitenda here zvino? Zvakanaka, huyai pano.

<sup>95</sup> Baba vanodikanwa veKudenga, tinonamata kuti muZita raJesu Kristu, kuti Mugopodza mudzimai uyu, uye mumunatse. Uye ipai chikomborero ichi kwaari. Uye ndinonamata kuti tsitsi dzaMwari dzizorore paari, uye dzigomupodza, uye muZviwanire mbiri. Ndinonamata muZita raJesu Kristu. Amen.

<sup>96</sup> Ndinogona kutaura izvi. Pane kakubvunda kari kubva ipapo, kubva kumashure kuno *uku* chaiko. Chimbomirai zvishoma, mirai ipapo kwechinguva. Ndacherechedza kuti Chiedza ichocho chabva pamuri. Pane vakawandisa, vakawandisa pandiri pano. Munhu wese ari kudhonza. Asi ndiri kuChiona chichiuya kwamuri. Ndemumwe munhu ari... Mune—mune oparesheni yedambudziko remadzimai iri kuuya. Ndizvozvo. Ndaona vanhu 2 kana 3 vachiuya, zvino Chiedza chamveya chichidzokera ikoko chaiko ndokurova munhu uyo akamira kumashure uko chaiko. Ndivo vari kunamatira izvozvo. Maona? Ndizvozvo. Uye mune, chinhanho chemudzimai akaitwa oparesheni yemadzimai. Ndizvozvo. Zvino chiendai munogamuchira kupodzwa kwenyu, uye Ishe Mwari vakupodzai. Amen.

<sup>97</sup> Mungauya here? Mai avo, munotenda here muna Ishe Jesu? [Hanzvadzi inoti, “Hongu, changamire.”—Mupepeti] Munotenda here kuti Akamuka kubva kuvakafa? Zvino, kukuzivai, ini handikuzivei. Ndinogona kunge ndakakuonai kana muri vemuno. Handizive. Vanhu vanouya uye voenda, handisi patabhenakeri pano nguva yakakwana kuti ndizive. Asi, imi, munobva muguta rino here? [“Hongu.”] Munobva muguta rino. Zvakanaka, zvino, asi handikuzivei. Asi Kristu anokuzivai. Asi kana Akandizarurira, mumire pano, zvamauyira pano, mungazvitenda here nekuzvigamuchira? Uye munoziva kuti handizive zvamauyira pano, handina chandinoziva. Chinhu chimwe chete, munogona kunge makandiona muguta, kana chimwe chinhu, kana—kana chimwe chinhu. Handizive. Zviri kuna Mwari ku—kuziva izvozvo.

<sup>98</sup> Kumashure uko chaiko, munoda kukurira dambudziko

iroro remudumbu ramanga muinaro here? Munotenda here kuti Ishe Jesu vachakupodzai? Kana muchizvitenda, munogona kuva nazvo.

<sup>99</sup> Mumwe ane ropa rakaipa, akagara kumashure uko, ndavaona vachitora. Munotenda here kuti Ishe vachakupodzai? Zvakanaka. Munotenda nemoyo wenyu wese here? Zvino munogona kuva nekupodzwa kwenyu, Mwari vakupodzai iko zvino. MaMubata. Hamuna kubata ini, muri mafiti 30 kubva pandiri. Amen.

<sup>100</sup> Zvino munotenda here kuti Akamuka kubva kuvakafa? Chingotaraisai, murarame, zvino mutsara uchifamba zvawo. Oo, zvakaoma kwazvo muno muJeffersonville! Iwe... Uye nemhomho yakadai yakakupoterredza, munhu wese! Jesu akabata mumwe murume ruoko, ndokumutungamirira kunze kweguta, imwe nguva.

<sup>101</sup> Zvino tarisai uku, hanzvadzi, kwechinguvana. Tendai kuti Ishe Jesu vari pano kuti vakubatsirei. Muri kutambura nedambudziko riri kumapeto eura, uye chiremba akakuongororai. Uye akakuudzai kuti mune mahemorrhoids. Ndiri kukuonai zvakare muchiedza kudarika nemumba, uye muri kuenda zvishoma nezvishoma. Mune arthritis. IZVANZI NAJEHOVHA. Chiremba akati munofanira kuoparetwa. Ndizvozvo chaizvo. Uye ndamuona achisaina kadhi diki riya ikoko muhofisi yake: Rebekah Baker, 509 Graham Street. Ndizvozvo chaizvo. Ririmo muhofisi yake, pane zvakanyorwa. Ndizvozvo. Munotenda here? [Hanzvadzi inoti, “Hongu, changamire.”—Mupepeti] Zvino munogona kuva nekupodzwa kwenyu. MuZita raIshe Jesu Kristu, dai mudzimai uyu agamuchira kupodzwa kwake. Amen. Mwari vakuropafadzei, amai. Endai, muchitenda zvino. Ivai nekutenda muna Mwari.

Dai mukangokwanisa kucherechedza Hupo hwaShe!

<sup>102</sup> Zvino mudzimai amire pano, kuti mugone... Handikuzivei, sekuziva kwandinoita. Hamundizivi, uye ini handikuzivei. Ndizvo here? Zvakanaka. Zvino muri mumwe munhu asingandizivi, uye ini handivazive. Uye ndanga ndisingazive mumwe mudzimai wacho. Asi mudzimai uyu mutorwa zvachose, sekuziva kwandinoita. Kana zviri izvo, simudzai ruoko rwenyu, amai. Kekutanga kedu, kusangana muhupenyu.

<sup>103</sup> Heuno mukadzi nemurume. Mufananidzo wakangonaka waMutsvene Johane 4, paya pakasangana mukadzi neMurume; uye mukadzi uyu aiva muSamaria, Jesu akanga ari muJudha. Zvino vakatanga kutaurirana, Jesu ndokuzivisa zvakananzika zvemoyo wake ndokumuzivisa paiva nedambudziko rake. Zvino, kana Ari Jesu mumwe chete nhasi, Anokwanisa kuita basa rimwe chete nhasi.

<sup>104</sup> Kana mudzimai uyu akasimudza ruoko rwake kuna Mwari, kwete kupika (nekuti, hatitendi mukuita izvozvo),



akangosimudza ruoko rwake mudenga mukuperera, nerwangu, kuti hatina kumbobvira takaonana kumashure, uye hapana chatinoziva pamusoro pemumwe nemumwe. Mungasimudza ruoko rwenyu here, amai? Hezvoka izvo. Havana kumbobvira vakandiona, kana kuti handisati ndambovaona, uye mutorwa zvachose. Zvino kana paine. . .

<sup>105</sup> Hupo hwaIshe Jesu huri pano. Kana mudzimai uyu achirwara, handikwanise kumupodza. Akatopodzwa kare; Kristu akamupodza paAkamufira. Munozvitenda here? Asi kana dai Ari akamira pano zvino, ne. . . pano pandimire, uye Aizo, aigona kumuzarurira, kana kuita chimwe chinhu kusimudza kutenda kwake kusvika pakafanira! Zvino, anogona kunge akamira pano nekuda kwedambudziko remari. Anogona kunge akamira pano ari mudambudziko remumba. Anogona kunge akamira pano, achifa nekenza. Anogona kunge akamira pano aine TB. Handizive. Handikwanise kukuudza.

<sup>106</sup> Uye zvino kana uchida kuzviisa munzvimbo yangu, huya pano utore nzvimbo yangu, unogamuchirwa. [Hama Branham vanombomira—Mupepeti] Zvirokwazvo. Kana neniwo handizvize, kana kuzviita. Asi Mwari veKudenga vanoziva. Manzwisisa here zvino?

<sup>107</sup> Uye kana Kristu akaita chinhu chimwe chete pano, Chokwadi chisingakundi, sekumuka kwaAkaita kubva kuvakafa, uye oratidza kuti ndiYe Jesu mumwe chete akataura kumudzimai uye patsime, vangani vari muno vanoti, “NdichaMugamuchira iko zvino seMupodzi wangu, kana chipi zvacho chandinoda?” Simudza ruoko rwako, uti, “NdichaMugamuchira kana Akazviita.”

<sup>108</sup> Mudzimai nemaoko ake akasimudzwa mudenga, hatina kumbobvira takasangana. Ishe ngavazviite, ndiwo munamoto wangu. Zvino mudzimai wacho anoita seari kubva kwandiri; kana unogona ikakwanisa kunzwa izwi rangu. Ndiri kuona mumwe munhu akamira. Hazvisi zvake mudzimai uyu, kunyanya. Ari kunamatira mumwewo munhu, uye mudzimai wechikuru. Ndiama vake, vaari kunamatira. Ichokwadi. Vane tukukundi tudiki twemoyo, kurova-rova kudiki kwemoyo, zvakada kudaro. Havagone kurara usiku. Handizvo here? Simudzai ruoko rwenyu kana chiri chokwadi. Uye mudzimai uyu haasi wemunyika ino. Mudzimai uyu anobva kure nekuno. Mudzimai uyu anobva kuGeorgia. Ndizvozvo chaizvo. Uye imi munobvawo kuGeorgia. Uye munoda munamoto wemaziso enyu, zvakare. Mava kuita bofu mumaziso enyu. Uye ichokwadi. Munotenda here kuti Mwari vachakupodzai? Kana chiri chokwadi, simudzai ruoko rwenyu. Zvakanaka.

<sup>109</sup> Zvino munotenda here? Zvino ivai nekutenda muna Mwari. Pandiri kuvanamatira, zvinamatire kunze uko, uye utende Mwari. Vari pano, vari kwese-kwese.

Huyai pano, hanzvadzi.

<sup>110</sup> Muponesi Akaropafadzwa, ndinonamata kuti, nemuZita raKristu, kuti Mupe mudzimai uyu chishuwo chake. Dai Simba raMwari Samasimba razorora paari, uye dai apodzwa uye owana chero chaari kukumbira. Ndinonamatira ropafadzo iri muZita raJesu. Amen.

<sup>111</sup> Zvino chiendai, muchipembera, uye muchifara. Uye tendai, hanzvadzi, uye mugopodzwa. Zvakanaka.

<sup>112</sup> Handina chokwadi, asi ndinotenda kuti ndinoziva mudzimai uyu. Ndinotenda kuti munobva kuGeorgetown, nekuti ndiri... Hamusi hama yaHama Arganbright here? Hongu, zvino chizoro ichi, chakasiyana. Munocherechedza kuti pane mutsauko izvozvi. Pandinotaura nemi kumwewo; zvasiyana izvozvi. Manzwa mamwe manzwiwo anotapira chaizvo, tingati. Mweya Mutsvene. Hamuna kuuya pano nekuda kwenyu imi. Muri pano nekuda kwemumwe munhu, uye musikana muduku angangoita makore 4 kana 5 ekuberekwa. Ane dambudziko reitsvo, uye anogara kuchamhembe kweIndiana. Ichokwadi. Icho chamuinacho muruoko rwenyu, tumirai kwaari, uye achapodzwa. Tendai nemoyo wenyu wese zvino, uye mugamuchire zvamakumbira, nemuZita raKristu.

“Kana uchingokwanisa kutenda, zvinhu zvose zvinogoneka!”

<sup>113</sup> Heuno mudzimai wandisingazive. Handikuzivei, handina kumbokuonai muhupenyu hwangu. Tiri vatorwa mumwe kune mumwe, makore mazhinji pakati pedu; pamwe mazhinji, takabarwa munzvimbo dziri kure nakure. Handikuzivei, handisati ndambokuonai. Asi Jesu Kristu anokuzivai.

<sup>114</sup> Pane chimwe Chinhu chaitika muungano; mumwe murume aoneka pedyo neni. Uyu agere apa, ipo pano apa, guvhu rakatsemuka. Munotenda here, changamire? [Hama inoti, “Hongu.”—Mupepeti] Zvino Kristu anokupodzai nekukunatsai! Amen.

<sup>115</sup> Ndiyo nzira yekuzviita nayo, tenda! Ko chii chavabata? Handisati ndamboona murume uyu; asi apodzwa ipapo chaipo. Abata Ishe Jesu Vari pano chaipo. Bvisa kusatenda ikoko kubva kwauri! Kanganwa nezvangu kuti ndiri William Branham. Tarisa kuna Jesu Kristu, ndiYe waCho ari pano. Ndinodenda kutenda kwako, muZita raKristu, kuti ukanganwe nezvangu; uye utende kuti ava ndiIshe Jesu vari pano, zvino uone zvichaitika. Handina basa kuti uri papi muchivakwa.

<sup>116</sup> Zvino heunoi mudzimai mudiki. Handisati ndakambomuona. Mukuru kwandiri. Iye, handizive kuti ndiani, kwavanobva, hapana kana chandinoziva pamusoro pavo. Ndiri mutorwa akakwana kwavari. Asi Kristu anovaziva.

<sup>117</sup> Kana Akandizarurira zvamauyira pano, muchazvigamuchira nekuzvitenda here? [Hanzvadzi inoti, “Chokwadi.”—Mupepeti] Mava nemanzwiwo asinganzwisisike maminetsi mashoma apfuura, pandataura chimwe chinhu, hamuna here? Anga ari munin’ina wenyu ari munzvimbo yevanorwara nepfungwa muMadison, Indiana. Ichokwadi. Nekuti, mumwe mudzimai anga akamira pano, uye imi manga makamira neche uko makatarisa kuno chaiko. Uye chiratidzo, manga muchitenda pamauya kumusoro kuno. Ndizvozvo chaizvo. Ndizvo zvazviita. Uye chikonzero muri pano manheru ano, imhaka yekuti mune dambudziko remoyo. Muchangobva kuva nekukundika kwemoyo. Ndizvozvo chaizvo. Uye ndiri kuona zvino, pandiri kutarisa muchiratidzo, nyika yakatambarara ine zvikomo. Munobva kune imwe nzvimbo kuno nechekumaodzanyemba kweIndiana. Munobva pedyo neCorydon, ndiko kwamunobva. Dzokerai kumba, mapora. Jesu Kristu akupodzai. IZVANZI NEMWEYA MUTSVENE.

<sup>118</sup> Ivai nekutenda, uye mutende. Musapokane. Ingotendai chete. Munogona here kucherechedza kuvapo kwese-kwese kwaIshe Jesu? Zvinoshamisa zvakadii! Chii chiri kunetsa?

<sup>119</sup> Neche pano apa mukona, ndiri kuona chiratidzo. Chiremba haasi kuziva kuti ikenza here kana kuti TB. Ndizvozvo chaizvo. Asi kana mukazvitenda, mapodzwa, zvakadaro. Kutenda kwenyu kwakuponesai, amai.

<sup>120</sup> Hezvoka izvo. Kuvapo kwese-kwese kwaMwari mupenyu! Ndinodenha kutenda kwako. “Kana uchigona kutenda!” Zvino, Akamuka kuvakafa. Ari pano nesu. Ndiye waCho! Ndizvo zvinhu chaizvo zvaAkaita paAiva pano panyika. Makore 2,000 apfuura, Achiri mupenyu, uye Mupenyu nekusingaperi. Ingotenda, iva nekutenda.

<sup>121</sup> Handikuzivei, amai. Handisati ndambokuonai muhupenyu hwangu, hapana chandinoziva nezvenyu. Ichokwadi, handizvo here? Jesu Kristu anokuzivai. Kana Mwari vakazarura kwandiri zvamauyira pano, munoVatenda here, uye monditenda kuti ndiri muporofita waVo here? Kana Vakaita izvozvo, munoziva kuti pane chimwe Chinhu chandizodza. Munofanira kuziva kuti ndiZvo. Zvino kana ndikati, “Ndichaisa maoko angu pamusoro penyu, mugopodzwa,” mungave nekodzero yekuzvipokana izvozvo. Asi kana Mwari vakandiudza chimwe chinhu chamunoziva kuti ichokwadi, zvino munobva maziva kuti ichokwadi here kana kuti kwete. Ndizvo here? [Hanzvadzi inoti, “Ndizvozvo.”—Mupepeti] Chirwere chemadzimai. Makaoparetwa, ndiri kukuonai muchibva patafura yekuoparetwa, muine chimwe chinhu chichena kumeso kwenyu, asi haina kubudirira. Ndizvozvo chaizvo. Asi, dhimoni iroro rakazvivanza kuna chiremba, asi harikwanise kuzvivanza kuna Mwari. Endai kumba, mugopora, amai, Jesu Kristu akupodzai nokukunatsai.

Kana muchigona kutenda!

<sup>122</sup> Ndiri mutorwa kwamuri, amai. Munotenda here kuti Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari, ari pano? Munotenda here kuti Anokupodzai? Chirwere cheshuga hachisi chinhu, chekuti Mwari vangatadze kupodza. Munotenda here kuti Vanokupodzai? Zvino chiendai kumba munogamuchira kupodzwa kwenyu, muZita raJesu Kristu, Mwanakomana waMwari. Amen.

Huyai, amai vaduku. Munotenda here?

<sup>123</sup> Zvino chirega kufunga izvozvo kumashure uko! Hakusi kuverenga pfungwa. Haugone kubudirira nazvo zvino! Regai ndikuratidzei:

<sup>124</sup> Handizive mudzimai uyu. Isai maoko enyu pane angu, amai. Kana Mwari vakandiratidza dambudziko renyu, ini ndakatarisa *uku*, munoziva handisi kuverenga pfungwa dzenyu, kana Mwari vakazarura kwandiri zviri dambudziko renyu, mungatenda here kuti Jesu Kristu Mwanakomana waMwari, uye ini ndiri muranda waKe? Kana muchidaro, simudzai ruoko rwenyu. Mune dambudziko remadzimai, dambudziko revakadzi. Ndizvozvo. Manga munaro; hamuchina zvino. Mapodzwa. Endai nenzira yenyu, mupembere uye mufare.

<sup>125</sup> Huyai, changamire. Dambudziko reitsvo riya rekare, uye nechimwe chinhu chiri kukunetsai. Munotenda here kuti Mwari vachakupodzai? [Hama inoti, “Hongu.”—Mupepeti] Kukupodzai nezvaro? Zvino, nemuZita raJesu Kristu, gamuchirai kupodzwa kwenyu, uye muende munzira yenyu, muchifara. Amen. Mwari vakuropafadzei, hama.

Tendai!

<sup>126</sup> Makadii zvenyu, amai? Hamungade here kuenda, kunodya chikafu chakanaka zvakare sezvamaisiita? Manga muchihuta-huta, handizvo here? Zvakakonzera kuti muve neronda mudumbu menyu. Endai, zviwanirei hamburger muridye, Jesu Kristu akupodzai. Endai nenzira yenyu, muchifara.

<sup>127</sup> “Kana muchigona kutenda!” Ivai nekutenda muna Mwari. Munotenda here? Kristu mupenyu, ane masimba ose ari pano zvino, kupodza munhu wese ari muno.

<sup>128</sup> Mirai zvishoma. Kumashure kuzasi kwemutsara, pagere zasi kuno, pakagara mujaya wechidiki. Kutenda kwako kwakakura kudarika kwawanga uchifunga kuti unako, mwanakomana. Wanga uine dambudziko remoyo, wanga usina here? Kana zviri izvo, simuka netsoka dzako. Jesu Kristu akupodza, mwanakomana. Wapora. Enda munzira yako, upore.

<sup>129</sup> MunoMutenda here? Ivai nekutenda muna Mwari.

<sup>130</sup> Heuno murume wandisingazive. Tiri vatorwa mumwe kune mumwe. Ndinotenda kuti murume uyu abhabhatidzwa mangwanani ano. Asi handikuzivei, handizive kana chinhu

nezvenyu. Ndizvo here? Kana Jesu Kristu akazarura kwandiri zvamauyira pano, muchazvigamuchira here?

<sup>131</sup> Vangani vari muungano vachazvigamuchira iye zvino? “Kana uchigona kutenda!” Ingova nekutenda. Usapokane.

<sup>132</sup> Murume uyu ane dambudziko reganda. Ndizvozvo. Uye ndinoona kuti mave kuita... Idambudziko reprostata, zvakare. Ndizvozvo chaizvo. Kana zvirizvo, vheyesai ruoko rwenyu. Uye ndiri kuona chimwe chinhu chakasviba chimire pakati penyu nemumwe mukadzi; mudzimai wenyu. Muri kumunamatira. Mutadzi, uye munoda kuti ave Mukristu. **IZVANZI NAJEHOVHA.** Ndizvozvo chaizvo. Endai, munoisa maoko enyu pamusoro pake, uye mumunamatire, kuti Mwari vari Kudenga vazarure kukosha kwezvvinhu izvi zvemazvirokwazvo.

<sup>133</sup> Munotenda here? Munotenda here kuti Mwari vachazviita? “Kana muchigona kutenda!” Ndiri kudenha kutenda kwenyu. Uko kumashure-shure, chero kwauri, tarisa urarame! Iva nekutenda muna Mwari, chero kupi kwauri. “Kana uchigona kutenda, zvinhu zvose zvinogoneka.” Kana uchigona kutenda! Tarisai, tarisai kuno uku, namatai.

Unoti, “Muri kutarisei, Hama Branham?”

<sup>134</sup> Rebekah, dzoka nechekuno zvisroma, mudikani. Mira ipapo chaipo pauri. Hoyu mwanasikana wangu mudiki, uyo nerimwe zuva achava muporofitakadziwo, zvakare. Mudzimai uyo akamira pedyo newe, mudiwa, akapfeka ngowani chena, ari kurwara nechirwere chemhino. Simudzai ruoko rwenyu, kana kuti mirai netsoka dzenyu, amai. Muri kunamata kuti Mwari vakudanei, vaite kuti ndikudanei. Ndizvo here? Regai mwanasikana wangu mudiki aturike maoko ake pamuri ipapo.

O Mwari weKusingaperi, muZita raJesu Kristu, ndinotsiura dhimoni iroro riri kunetsa mudzimai uyo. Uye ngaribviswe, muZita raKristu. Amen.

<sup>135</sup> Oo, ngarirumbidzwe Zita raShe! Dai Ishe Jesu vakazvizarura pachaVo, zvakare. Munotenda here kuti Ari pano? Zvino regai ndikuudzei, mumwe nemumwe wenyu, iko zvino, kana muchigona kuzvitenda, Jesu Kristu anopodza mumwe nemumwe wenyu, iko zvino. Kana mashoko angu ari echokwadi *pano*, ndeechokwadi *ikoko*. Kana mukaita zvandinokuudzai kuti muite, munogona kupodzwa iko zvino. Munozvitenda here? Zvino isai maoko enyu pamusoro pemumwe nemumwe. Ingoisai maoko enyu pamusoro pemumwe nemumwe, mukati kana kunze. Musapokane! Ndanzwa mweya wematsi uchienda. Heuno Ari pano, Kristu akamuka kuvakafa!

<sup>136</sup> O Mwari veKusingaperi uye Vakaropafadzwa, nemuZita raIshe Jesu, ndinopikisa mweya wese wetsvina, muZita raKristu Ishe, kuti ubve panzvimbo ino, ubude muvanhu ava. Uye dai

Mweya Mutsvene mukuru zvino wabhabhatidza munhu wese ari muno, nekutenda kukuru kwekutenda.

<sup>137</sup> Oo, Satani, iwe dhimoni, watinyengedza kwenguva yakarebesa. Kristu akamutswa, Amire pano nemakiyi erufu negehena akaremba paAri. Simba rekupodza rakabhadharirwa. Uye tinokurayira, nemuZita raJesu Kristu, Mwanakomana mupenyu waMwari, kuti ubve pavanhu ava. Buda mavari, Satani, kuti vaende uye vagopodzwa.

<sup>138</sup> Kana uchitenda nemoyo wako wese, kuti Jesu Kristu akupodza, simuka netsoka dzako, uye wogamuchira Simba Dzvene rekupodza raMwari Samasimba. Ndizvozvo! Ishe ngavarumbidzwe! Rumbidzai Jehovha! Imi, mose, mapodzwa. Mirai netsoka dzenyu, mupe Mwari rumbidzo! Ameni! Ngarirumbidzwe Zita raShe! NgatiMurumbidzei, tichisimudza maoko edu tichiMurumbidza. Rumbidzai Mwanakomana waMwari mupenyu! Ameni!



*ZVINO MESO AVO AKAZARUKA NDOKUBVA VAMUZIVA* SHO57-0421E  
(And Their Eyes Were Opened And They Knew Him)

MHARIDZO DZAKATEVEDZANA DZERUMUTSIRIRO RWEPA ESTA

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu manheru eSvondo yeEsta, Kubvumbi 21, 1957, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2023 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)